

SAMBUTAN PANEWU IMOGIRI
ACARA KIRAB NGARAK SIWUR 2024

ASSALAAMU 'ALAIKUM WR WB.

SALAM BUDAYA, SALAM KARAHARJAN, KAWILUJENGAN MIWAH KABAGASWARASAN, ROHMAT SOHO BAROKAH DALEM GUSTI INGKANG MAHA SUCI, MUGI TANSAH KAJIWA KASARIRA DHUMATENG PARA RAWUH SEDAYA. AAMIIN.

INGKANG SATUHU KINURMATAN, PANJENENGANIPUN BAPA H. ABDUL HALIM MUSLIH (BUPATI BANTUL) SAHA BAPA JOKO B PURNOMO, SE (WAKIL BUPATI BANTUL).

INGKANG SATUHU KINURMATAN, PANJENENGANIPUN BAPA DRS. HM GANDUNG PARDIMAN, MM, ANGGOTA KOMISI VII DPR RI (PUTRA ASLI IMOGIRI).

INGKANG SATUHU KINURMATAN, PANJENENGANIPUN BAPA H HANUNG RAHARJO, ST (KETUA DPRD KABUPATEN BANTUL).

INGKANG SATUHU KINURMATAN, PANJENENGANIPUN PANGARSA KUNDHO KABUDAYAN DIY.

INGKANG SATUHU KINURMATAN, PANJENENGANIPUN PANIRADYA PATI KAISTIMEWAAN DIY

INGKANG SATUHU KINURMATAN, PANJENENGANIPUN PANGARSA KUNDHA KABUDAYAN KAB BANTUL.

INGKANG SATUHU KINURMATAN, PANJENENGANIPUN PANGARSA DINAS PARIWISATA KABUPATEN BANTUL.

INGKANG SATUHU KINURMATAN, PANJENENGANIPUN PENGAGENG BUPATI JURU KUNCI SURAKARTA HADININGRAT

INGKANG SATUHU KINURMATAN, PANJENENGANIPUN PENGANGENG BUPATI PURALAYA NGAYOGYAKARTA HADININGRAT

INGKANG KINURMATAN, PARA KADANG ANGGOTA FORKOPIKAP IMOGIRI,

INGKANG KINURMATAN, PARA LURAH SE-KAPANEWON IMOGIRI.

INGKANG KINURMATAN, SAGUNG TAMU UNDANGAN

PARA KADANG PANITIA, SENIAN, BUDAYAWAN, DERMAWAN, RELAWAN, WARTAWAN, KARYAWAN KARYAWATI SOHO PAMONG KALURAHAN SE KAP IMOGIRI.

HADIRIN, INGKANG MINULYO.

NUWUN.... NYUWUN KEPARENGIPUN KULA SUMELA ATUR, INGKANG SAPERLU NGATURAKEN MENOPO INGKANG DADOS ATURIPUN SEDAYA KADANG PANITIA PROSESI KIRAB SIWUR ING KAPANEWON IMOGIRI WARSA 2024, ARI KALENGGAHAN PUNIKA.

INGKANG SEPISAN, KEPARENGA KULA NGAJAK DHATENG PARA RAWUH SAMI SUMONGGO, KULA PANJENENGAN TANSAH NGUNJUKAKEN RAOS PUJI MIWAH SOKUR, KONJUK NGARSANING GUSTI KANG MAHA AGUNG INGKANG SAMPUN MBEBER DAYA KAWILUJENGAN, KABAGASWARASAN, ROMAT SOHO BAROKAHIPUN DHUMATENG KULA PANJENENGAN SEDAYA. SHOLAWAT SOHO

SALAM MUGI TANSAH KATUR DHUMATENG JUNJUNGAN KITA NABI AGUNG MUHAMMAD SAW, MUGI NGLUMEBERI DHUMATENG SEDAYA GARWA, PUTRA, SENTANA SOHO SEDAYA PANDHEREKIPUN NGANTOS AKHIR ZAMAN.

INGKANG KAPING KALIH, KAPARENG KULA NGATURAKAEN PAMBAGYAHARJA , SUGENG RAWUH ING KAPANEWON IMOGIRI, GAPURANING BUDAYA ING NGAYOGYAKARTA KAIRING ATUR MATUR NUWUN MATUR NUWUN INKGANG TANPA PEPINDAN AWIT RAWUH PANJENENGANIPUN SEDAYA.

BAPA BUPATI SAHA PARA RAWUH INKGANG SATUHU KINURMATAN, SEDAYA KADANG PANITIA SOHO SEDAYA WARGA KAPANEWON IMOGIRI, TANSAYA MONGKOG SOHO KEBAKING RASA SYUKUR AWIT ING TAHUN MENIKA ACARA TRADISI KIRAB BUDAYA/ KIRAB SIWUR SAGED LUMAKSANA, SAHA SAMPUN PIKANTUK ALOKASI DANA SAKING PEMERINTAH (DANAIS) ADICARA MENIKA SAGED LUMAMPAH AWIT KRIDANING SEDAYA KADANG PANITIA, KASENGKUYUNG SESARENGAN DENING PEMERINTAH, DONATUR, RELAWAN, BUDAYAWAN, SARTA WARGA MASYARAKAT IMOGIRI LAN SA KIWA TENGENIPUN. MENIKA WAU MUJUDAKEN SEMANGAT MANUNGGALING KAWULA GUSTI, GOTONG ROYONG SAEYEG SA EKO KAPTI.

BAPA BUPATI SAHA PARA RAWUH INKGANG KULA HORMATI,

LUMAMPAHING GELAR BUDAYA PROSESI KIRAB SIWUR ING WARSA MENIKA, AMBARENGI PENGETAN 12 WARSA LAIRIPUN UNDANG UNDANG KEISTIMEWAAN DIY INKGANG KATITI WONTEN SURYA KAPING TIGANG DASA SETUNGGAL WULAN AGUSTUS WARSA KALIH

EWU KALIH WELAS, 12 TAHUN KEPENGKER. SALAH SETUNGGALING KEGIATAN, INKGANG MINANGKA PAMBUKA KRIDANING ADICARA PENGETAN 12 WARSA LAHIRIPUN UUK DIY TAHUN MENIKA, LAN UGI MURWAKANI RANTAMANING ADICARA PROSESI KIRAB SIWUR WARSA 2024, INJIH MENIKA ZIARAH SOWAN NGABEKTI NGARSANIPUN SUWARGI INKGANG SINUWUN KANJENG SULTAN AGUNG PRABU HANYOKROKUSUMA INKGANG SUMARE WONTEN ASTANA PASAREAN AGUNG PARA NATA MATARAM, PAJIMATAN IMOGIRI. ADICARA MENIKA KATINDAKAKEN RIKALA DINTEN MINGGU KLIWON 7 JULI 2024.

INGKANG SELAJENGIPUN DIPUN TINDAKAKEN ADICARA WILUJENGAN, DZIKIR TAHLIL INKGANG KATINDAKAN KALA WAU NDALU, DINTEN MENIKA UPACARA PROSESI KIRAB SIWUR INKGANG KALAJENGAKEN LUMAMPAHING KIRAB BREGODO PANJI LAMBANG BUDAYA, BREGODO KEPRAJURITAN, GUNUNGAN, KERETA, SOHO UBARAMPENIPUN BOYONG SIWUR SAKING PLATARAN KAPANEWON IMOGIRI TUMUJU DHATENG PELATARAN TERMINAL PAJIMATAN IMOGIRI. LAJENG KAPASRAHAKEN DHUMATENG PENGAGENG ABDI DALEM PANITIA NGURAS ENCEH ING ASTANA PASAREYAN AGUNG PARA NATA MATARAM PAJIMATAN IMOGIRI.

BAPAK BUPATI DALASAN PARA RAWUH INKGANG KULA HORMATI,

MEKATEN INKGANG SAGED KULA ATURAKEN, SEPISAN MALIH KULA AWIT NAMINIPUN SEDAYA KADANG PANITIA SAHA WARGA MASYARAKAT KAPANEWON IMOGIRI, NGATURAKEN AGUNING MATUR NUWUN, DHUMATENG BAPA BUPATI BANTUL SAHA SEDAYA PIHAK INKGANG SAMPUN PARING PAMBIANTU SAHA PENYUNGKUYUNG MRIH SAGED LUMAMPAHING ADICARA MENIKA

NYUWUN AGUNGING PANGAPUNTEN AWIT SEDAYA KEKIRANGAN
SAHA KALEPATAN ANGGEN KULA SA KANCA NANGGAPI RAWUH
JENGANDIKA SEDAYA. MUGI MUGI GUSTI INKGANG MAHA
KUWASA, TANSAH PARING PENGAYOMAN, PITEDAH SAHA
PITULUNGAN MURIH SAGED KASEMBADAN SEDAYA PANYUWUN
KULA PANJENENGAN SEDAYA.

DARI IMOGIRI, GERBANG BUDAYA DIY, MENUJU TERWUJUDNYA
MASYARAKAT DIY YANG BERBUDAYA MAJU, MANDIRI DAN
SEJAHTERA.

MATUR SEMBAH NUWUN.

WASSALAAMU 'ALAIKUM WR WB, SALAM BUDAYA, RAHAYU
RAHAYU.

IMOGIRI, 11 JULI 2024

PANEWU IMOGIRI



SLAMET SANTOSA, SIP., M.M.

Pembina Tingkat I, IV/b

NIP. 197312261993111001